


**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Uchapupu neRutendeuko

Panemutsauko pakati pekugashira uchapupu hwechokwadi nekuva wakatendeutsa zvechokwadi. Semuenzaniso, MuApositora mukuru Petro akapa uchapupu hwake kuMuponesi hwekuti aiziva kuti Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari.

“[Jesu] akati kwavari, Ko imi munoti ndini ani?”

“Ipapo Simoni Petro akapindura akati, Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.

“Jesu akapindura akati kwaari, Wakaropafadzwa iwe Simoni Bar-Jona, nokuti nyama neropa hazvina kukuzivisa izvozvo, asi Baba vangu vari kudenga” (Mateo 16:15–17).

Asi pashure, mumurairo Wavo kuna Petro, Ishe vakapa kwaari nesu nhungamiro yekuti tive takatendeutsa zvechokwadi uye kuchengeta rutendeuko irworwo kweupenyu hwose. Jesu akazvitauna nenzira iyi: “Iwe kana watendeuka, simbisa hama dzako” (Ruka 22:32).

Jesu akadzidzisa Petro kuti pakanga pachine shanduko huru inofanira kupfuura kuva neuchapupu kuenda kukukwanisa kufunga, kunzwa, nekuita zvinhu sevadzidzi vaJesu Kristu vakatendeutsa zvechokwadi. Iyo ndiyo shanduko yakasimbisira yatinotsvaga tose. Kana tangoiwana, tinoda kuti shanduko iyoyo irambe ichienda mberi kusvikira kumagumo eupenyu hwedu (ona Aruma 5:13–14)

Tinoziva kubva muzvitiko zvedu pachedu nekubva mukuwongorora vamwe kuti kuva nenguva huru shoma dzesimba remweya hazvizova zvakakwana. Petro akaramba kuti aiziva Muponesi kunyange mushure mekunge agashira uchapupu kuburikidza neMweya hwekuti Jesu

aiva Kristu. Vapupuri Vatatu veBhuku raMormoni vakava neuchapupu hwakapihwa kwavari ivo pachavo hwekuti Bhuku raMormoni rakanga riri shoko raMwari, asi zvakadaro pashure vakadzikira mukwaniso yavo yekutsigira Joseph Smith seMuporofita weChechi yaIshe.

Tinoda shanduko mumwoyo yedu, sekutsanangurwa kwazvakaitwa mubhuku raAruma: “Uye vakataura vose kuvanhu chinhu chimwechetecho—kuti mwoyo yavo yakanga yapindurwa; kuti havasisina chido chekuita zvakaipa” (Aruma 19:33; onawo Mosaya 5:2).

Ishe vakatidzidzisa kuti patinenge tatendeutsirwa zvechokwadi kuvhangeri Ravo, zvido zvedu zvemukati-kati zvinopinduka kubva kuhanya dzechindingoveni kuenda kuchido chekukurudzira vamwe apo pavanenge vachifambira mberi vakananga kuupenyu hwekusingaperi. Kuti tiwane rutendeuko irworwo, tinokwanisa kunamata uye toshanda murutendo kuti tive chisikwa chitsva chakawaniswa neRudzikinuro rwaJesu Kristu.

Tinokwanisa kutanga nekunamatira rutendo rwekutendeuka kubva pachindingoveni uye kuti tiwane chipo chekutaririra vamwe zvinopinda zvatinozviita isu pachedu. Tinokwanisa kunamatira simba rekurega rudado neruchiva.

Munamato unozova wakakoshawo pakugashira chipo cherudo rreshoko raMwari nerudo rwaKristu (ona Moroni 7:47–48). Zviri izvi zvinofambirana. Apo patinoverenga, patinofungisisa, nekunamata pamusoro peshoko raMwari, tinozovika pakurida. Ishe vanoriisa mumwoyo

yedu. Apo patinonzwa rudo irworwo, tinozotanga kuda Ishe zvakawedzerwa. Naizvozvo panouzouya rudo rwevamwe urwo rwatinoda kuitira kuti tisimbise avo vanoiswa munzira yedu naMwari.

Semuenzaniso, tinokwanisa kunamatira kuona avo vanodiwa naIshe kuti vashumiri Vavo vagodzidzisa. Vashumiri vazere vanokwanisa kunamata murutendo kuti vazive kuburukidza neMweya izvo zvekudzidzisa nekupupura. Vanokwanisa kunamata murutendo kuti Ishe vanozovaita kuti vanzwe rudo rwaVo kumunhu wese wavanosangana naye. Vashumiri havazokwanisa kuunza munhu wese wavanosangana naye kumvura dzerubhabhatidzo uye kuchipo cheMweya Mutsvene. Asi vanokwanisa kuva neMweya Mutsvene semufambidzani. Kuburikidza nemushando wavo uye nerubatsiro rweMweya Mutsvene, vashumiri zvino, nekufamba kwenguva, vanozoshandurwa mumwoyo yavo.

Shanduko iyoyo inozoramba ichivandudzwa apo ivo nesu patinoramba tichishanda zvisinaudingoveni kwe-upenyu hwese murutendo kusimbisa vamwe nevhangeri raJesu Kristu. Rutendeuko haruzova chiitiko chimwechete kana chimwe chinhu chinovapo kwemwaka mumwechete weupenyu asi runozova chiitiko chinoramba chichienyerera mberi. Upenyu hunokwanisa kuva hwakapenya zvirinani kusvikira zuva rakarurama, apo patinozoonza Muponesi uye toona kuti tava saIye. Ishe vakatsanangura rwendo rwacho nenzira iyi: "Icho chinenge chiri chaMwari chiedza; uye uyo anogashira chiedza, uye achiramba ari munaMwari, anogashira chiedza chakawedzerwa; uye chiedza ichocho chinokura mukuchena kudakara zuva rakwana" (D&Z 50:24).

Ndinokuvimbisai kuti zvinokwanisika kune mumwe nemumwe wedu.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Gosa David A. Bednar veChikwata cheVaApositora Gumi neVaviri vakashandisa "rungano rwekurunga magaka" kudzidzisa kuti rutendeuko chiitiko chinonyerera, hachisi chiitiko chezuva rimwechete: "Chirevo pamusoro pechirevo uye murairo pamusoro pemurairo,

zvisihoma nezvisihoma uye zvinogona kusaoneka, zvinangwa zvedu, pfungwa dzedu, mazwi edu nezvito zvedu zvinozova zvakabatana nechido chaMwari" ("Ye Must Be Born Again," *Liahona*, Chivabvu 2007, 19). Funga kudzorora rungano rwekurunga magaka neavo vamunodzidzisa. Chii chingaitwe nemumwe nemumwe wedu kuti tifambire mberi zvakadzikama muchiitiko chepashoma nepashoma cherutendeuko izvo zvakakurukurwa nevese Mutungamiri Eyring naGosa Bednar?

VECHIDIKI

Kushanduka kweMwoyo Kwangu

NaDante Bairado

Apo pandakatanga kudzidza nezvehangeri rakadzorerwa raJesu Kristu, ndakanzwa Mweya uchipupura nezvehuchokwadi hwaro. Kuburikidza nemunamato, uchapupu hwangu hwakava hwakasimba zvakawedzera, uye ndikasarudza kubhabhatidzwa.

Nguva shoma mushure merubhabhatidzo rwangu, vanhu vemuwadhi mangu vakatanga kundibvunza kuti ndainzwa sei pamusoro pekushandira muushumiri. Kuvapachokwadi, handina kuziva chaizvo zvekutaura. Pfungwa yekusiya mhuri yangu nechikoro kuti ndinoshandira muushumiri yairatidzika seupenzi.

Zvino rimwe zuva ndakatanga kufunga pamusoro perutendeuko. Ndakayeuka vashumiri vakanga vandidzidzisa, vakanga vapindura mibvunzo yangu nemwoyo murefu uye vakandibatsira kunzwisisa vhangeri. Ndakaziva kuti pasina rubatsiro rwavo, ndingadai ndisina kumbofa ndakaziva Chechi yechokwadi. Apo pandakangoziva izvozvo, chido chekushandira chakatumbuka mumwoyo mangu. Ndainzwa Mweya uchindudzwa kuti ndinofanira kushandira muushumiri uzere.

Ndinoziva kuti basa reushumiri ibasa raBaba vedu Vekudenga uye kuti tinokwanisa kubatsira kuunza mweya kuruzivo runoshamisira rwevhangeri rakadzorerwa.

Munyori anogara muFortaleza, Brazil.

Ita Kuti Uchapupu Hwako Hwubvire Zvakapenya

Kuwana uchapupu kwakaita sekufutsa moto. Sezva-tinofanira kuisa huni kuti moto urambe uchibvira, tinofanira kunamata, kutendeuka, kushandira vamwe, kunzvera magwaro matsvene, nekuchengeta miraro kubatsira uchapupu hwedu kuti hupenye.

Dzidza zvimwe zvakawanda pamusoro pemavakiro aungaita uchapupu hwako, verenga rimwe nerimwe rezvinyorwa zvitsvene zvakadorongodzwa pazasi. Tara moto une marimi mashanu makuru. Isa ruvara murimi rechinyorwa chitsvene chese chaunoverenga. Kuwanda kwezvinyorwa zvitsvene zvaunoverenga, moto unobva wapenyesa—uyewo neuchapupu hwako!

Mosaya 2:17.

Aruma 5:46

Aruma 32:27

3 Nifai 15:10

Johane 5:39

© 2015 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/14. Mvumo yedudziro: 6/14. Dudziro ye *First Presidency Message, February 2015*. Shona. 12332 731



Ruvimbo, Mhuri,
Rubatsiro

Hunhu hwaJesu Kristu: Asina Chivi

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org

Ichi chikamu chezvinyorwa zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso ye-Kushanyirana zvinoratidza hunhu hweMuponesi.

Muponesi wedu, Jesu Kristu, ndiye ega aikwanisa kuita rudzikinuro rwevanhu. “Jesu Kristu, Gwayana risina chakaipa, nekuda Akazviisa paatari yekuzvipira Akaripa muripo wezvivi zvedu,” vakadaro Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri Muhutungamiri Hwekutanga.¹ Kunzwisisa kuti Jesu Kristu akanga asina chivi kunokwanisa kutibatsira kuwedzera rutendo rwedu maAri nekuedza kuchengeta mirairo Yake, kutendeuka nekuzova vakachena.

‘Jesu akanga ari . . . munhu wenyama nemweya, asi Haana kuzviisa pachiyedzo (ona Mosaya 15:5),’ vakadaro Gosa D. Todd Christofferson veChikwata cheVa-Apositora Gumi neVaviviri. “Tinokwanisa kutendeukira kwaAri . . . nokuti Anonzwisisa. Anonzwisisa kutambura, uye Anonzwisisa wakundi ekuita kutambura uku. . . .”

“. . . Simba rerudzikinuro Rwake rinokwanisa kupfudza izvo zvakakonzerwa nechivi matiri. Apo patinotendeuka, nyasha Dzake

dzerudzikinuro dzinotiruramisa nekutishambidza (ona 3 Nifai 27:16–20). Zvinoita sekunge tisina kumbokundikana, sekunge tisina kumbozviisa pasi pechiedzo.

“Apo patinoedza zuva rega rega uye svondo rega rega kutevera nzira yaKristu, mweya wedu unomisa hukuru hwawo, hondo irimukati inoderera, uye zviedzo zvinorega kutambudza.”²

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mateo 5:48; Johane 8:7;
VaHeberu 4:15; 2 Nifai 2:5–6

Kubva muMagwaro Matsvene

Muponesi akaripa muripo wezvivi zvedu kuburikidza nehu-Mwanakomana Hwake hutsvene, upenyu Hwake husina chivi, kutambudzika Kwake nekudeurwa kweropa Rake muBindu reGetsemani, rufu Rwake pamuchinjikwa neKumuka Kuvakafa Kwake kubva muguva. Kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu, tinokwanisa kuva vakachena zvakare apo patinotendeuka pazvivi zvedu.

Mambo Benjamin vakadzidzisa vanhu nezve Rudzikinuro rwaJesu Kristu vakazobva zvino vovabvunza

kana vaitenda mashoko avo.

“Vese vakadaira nezwi rimwechete, vachiti: . . . Mweya . . . wakaunza rushanduko rwukuru matiri, kana kuti mumwoyo yedu, zvekuti hatichada kuita mabasa akaipa, asi kuramba tichiita mabasa akanaka. . . .”

“Uye tinechido chekupinda muchibvumirano naMwari vedu kuti tiite kuda kwavo, nokuteerera mirairo yavo muzvinhu zvose” (Mosaya 5:1–2, 5).

Nesuwo tinokwanisa kuva “nerushanduko rwukuru” sevavhu vaMambo Benjamini, avo “vakanga vasisade kuita mabasa akaipa, asi kuramba vachiita mabasa akanaka” (Mosaya 5:2).

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Dieter F. Uchtdorf, “You Can Do It Now!” *Liahona*, Mbudzi 2013, 56.
2. D. Todd Christofferson, “That They May Be One in Us,” *Liahona*, Mbudzi 2002, 71.

Funga Izvi

Kuva wakachena kwakasiyana sei nekuva mutsvene?